



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMAN POU METE NOUVO PWOGRAM KONJE FAMILYAL PEYE NEW YORK LA KI LIDÈ NAN PEYI A AN APLIKASYON

Règleman yo founi Gid pou Anplwayè yo, Konpayi Asirans yo, ak Anplwaye yo konsènan Dwa ak Responsabilite yo Anba Plan Konje Familyal Peye ki pi Solid nan Peyi a

Nouvo Paran, Anplwaye ki gen Manm Fanmi yo ki nan Deplwaman Sèvis Militè Aktif ak Manm Fanmi k ap pran Swen Fanmi yo ki Malad yo Elijib pou Benefis Konje Familyal Peye yo

Gouvènè a Lanse Nouvo Liy Asistans (844) 337-6303 ak Nouvo [Sitwèb](#) la pou Bay Nouyòkè yo enfòmasyon sou Nouvo Benefis yo a yo

Eta te Pibliye tou Demann Enfòmasyon pou Fè Aplike Pwogram Konje Familyal Peye a, bay Anplwaye Eta yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse eta a te entwodwi règleman pou mete nouvo pwogram konje familyal peye New York la an aplikasyon, ki se pwogram konje familyal peye ki pi global nan peyi a. Nouvo règleman yo founi gid pou anplwayè yo, konpayi asirans yo, ak anplwaye yo konsènan dwa ak responsabilite yo anba nouvo lwa a. Lwa sou Konje Familyal Peye New York la (New York's Paid Family Leave Law) pral founi 12 semèn konje familyal peye lè li konplètman an vigè pou anplwaye k ap chache pran swen timoun, yon fanmi pwòch ki gen kondisyon sante ki grav oswa soulaje presyon ki kreye lè yo rele yon manm fanmi pou sèvis militè aktif.

Gouvènè a te lanse nouvo liy asistans lan (844) 337-6303 ak nouvo [sitwèb la](#) pou reponn a kesyon ak pou bay Nouyòkè yo plis enfòmasyon sou nouvo pwogram lan. Eta te pibliye tou yon Demann Enfòmasyon pou vandè potansyèl yo ka mande enfòmasyon epi devlope yon plan konje pou anplwaye eta yo. Nouvo politik la pral an vigè konplètman pandan yon peryòd katran, kòmanse apati 1e Janvyè 2018.

“New York pwomilge plan konje familyal peye ki pi solid nan peyi a pou l asire pèsonn pa dwe chwazi ant pèdi djòb yo ak pèdi nesans yon timoun oswa kapasite pou yo pase

tan ak yon pwòch ki nan dènye jou yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Pwogram sa a konsène restorasyon diyite debaz pou gason ak fanm k ap travay di yo, epi mwen fyè New York ap kontinye mennen peyi a vè lavan nan mach anvè jistis ekonomik lan.”

Règleman sou Konje Familyal Peye yo

Kòmanse apati 1e Janvyè 2018, pwogram konje familyal peye eta a pral bay anplwaye yo ranplasman salè yo pandan tan yo pase andeyò djòb yo poutèt pou yo te ka atache yo ak yon timoun, pran swen yon fanmi pwòch ki gen yon kondisyon sante ki grav, oswa ede soulaje presyon lè yo rele yon moun pou sèvis militè aktif. Anplwaye yo gen dwa pou yo rebran pòs yo lè konje yo a fini, ansanm ak dwa pou kontinyasyon asirans sante yo.

Règleman yo entwodwi jodi a yo founi gid règlemantè pou anplwayè yo, konpayi asirans yo, ak anplwaye yo pou eklèsi dwa ak responsabilite yo anba pwogram lan pou yo ka planifye kòm sa dwa lè yon nouvo lwa rantre an vigè. Règleman yo reponn tou a kesyon sou elijibilite, kouvèti, pwogramasyon pou nouvo pwogram lan rantre an vigè konplètman, ak plis enfòmasyon sou kijan anplwaye, anplwayè ak konpayi asirans yo pral kominike youn ak lòt pou yo peye benefis yo. Règleman konplè Komisyon Aksidan nan Travay la yo (Workers Compensation Board) disponib [isit la](#). Règleman DFS (Department of Financial Services) pou konpayi asirans yo disponib [isit la](#).

Elijibilite: Pou yon moun elijib pou konje familyal peye, anplwaye yo dwe se anplwaye k ap travay atanplen pou 26 semèn oswa atan pasyèl pou 175 jou ka yon anplwayè ki gen kouvèti, nan lè yo aplike pou benefis yo.

Anplwaye yo ki elijib pou konje familyal peye yo gen ladan:

- Nouvo paran yo pandan 12 premye mwa aprè nesans oswa adopsyon yon timoun;
- Anplwaye k ap pran swen yon timoun, yon paran, oswa granparan ki malad;
- Anplwaye ki gen yon konjwen, pitit, patnè domestik (moun ki nan plasaj) oswa paran yo ki te resevwa yon lòd pou sèvis militè aktif;
- Moun ki pa sitwayen ameriken yo yon anplwayè te kouvri pou 26 semèn peryòd obligatwa a.

Pou yo elijib, anplwaye yo dwe prezante sètifikasyon yon founisè swen sante k ap trete manm fanmi an te bay yo. Pou adopsyon ak timoun ki nan fanmi dakèy yo, li obligatwa pou yo founi dokiman tou.

Kouvèti: Pwogram lan fè pati politik andikape yon anplwayè tout anplwayè prive yo dwe genyen, epi anplwayè yo pral finanse l konplètman atravè dediksyon salaryal – kòmanse apati Jiyè 2017. Pwogram lan obligatwa pou tout anplwayè prive yo, epi anplwayè piblik yo ka chwazi rantre nan pwogram lan.

Pwogramasyon pou l Konplètman an Vigè: Nouvo politik la pral an vigè konplètman pandan peryòd katran, kòmanse apati 1e Janvyè 2018. Yon tablo grafik ki gen detay pwogramasyon pou l konplètman an vigè pandan peryòd katran an anba la:

Ane	Kantite Semèn Maksimòm (Nan yon peryòd 52 semèn)	Pousantaj Salè Anplwaye a	Limit Pousantaj Salè pa Semèn an Mwayèn Eta a
01/01/2018	8	50%	50%
01/01/2019	10	55%	55%
01/01/2020	10	60%	60%
01/01/2021	12	67%	67%

Lè li konplètman an vigè, anplwaye yo pral elijib pou yo resevwa 67 pousan salè yo padan 12 semèn konje yo a. Si revni yo konn touche lasemèn lan pi plis pase salè pa semèn an mwayèn eta a, 67 pousan salè pa semèn eta a an mwayèn lan pral nivo limit maksimòm revni yo resevwa pandan peryòd konje yo a.

Pwogram konje famiyal peye Eta New York la make yon gwo etap enpòtan nan pouswit egalite ak diyite alafwa nan travay tankou lakay. Politik konje famiyal peye New York la sèvi kòm yon modèl pou lòt eta yo ak pou peyi a.

Demann Enfòmasyon

Eta a te pibliye tou yon Demann Enfòmasyon pou mande enfòmasyon pou Depatman Sèvis Sivil Eta New York la (New York State Department of Civil Service) itilize lè y ap devlope benefis konje famiyal peye yo pou mendèv Eta New York la. Yon kopi demann enfòmasyon an (Request for Information, RFI) disponib [isit la](#).

“Règ yo pwopoze sa yo pral ede gide yon lansman reyisi pou Konje Famiyal Peyè New York la,” **Prezidan Komisyon Aksidan nan Travay la (Workers’ Compensation Board), Kenneth J. Munnely te di.** “Nou atann kòmantè popilasyon an sou seri règleman global sa yo.”

“DFS fyè pou mete vizyon Gouvènè Cuomo a an aplikasyon epi founi Nouyòkè yo meyè pwogram konje famiyal peye nan peyi a,” **Direktè Sèvis Finansyè a Maria T. Vullo te di.** “Mezi revolisyonè sa a asire Nouyòkè k ap travay yo pa pral gen pou yo fè chwa difisil ant pran swen yon pwòch yo, oswa pase tan ak yon timoun yo fenk genyen, ak pwoteje peman chèk yo, epi l ap ranfòse efò pwogresif eta ap fè yo pou fanm ak fanmi yo gen egalite konplè.”

“Depatman Sèvis Sivil la atann pou l travay depre ak ajans patnè li yo pou ede nan devlopman pwogram konje famiyal peye ki pi global nan peyi a, ki pral founi sipò nesèsè bay Nouyòkè k ap travay di yo, ki gen ladan anplwaye Eta New York yo ak fanmi yo,” **Komisè Pwovizwa Sèvis Sivil la, Lola W. Brabham te di.**

Donna Dolan, ki se Direktè Egzekitif Kowalisayon Konje Peye New York la (New York Paid Leave Coalition), te di, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an, espesyalman Komisyon Aksidan nan Travay la ak Depatman Sèvis Finansyè a, pou piblikasyon nouvo Règleman Lwa sou Konje Familyal Peye yo. Sa a se yon pwochen etap nan aplikasyon lwa sa a nou t ap tann ak enpasyans, ki gras a Gouvènè a ak Lejislati Eta a, se lwa konje familyal peye ki pi solid nan peyi a. Antanke defansè, nou atann pou n travay ak Eta sou edikasyon ak lansman konje familyal peye sa a. Kòmmanse apati 1e Janvyè 2018, Nouyòkè yo pral kapab pran konje pou yo pran swen yon timoun ki fenk fèt, oswa yon manm fanmi yo ki malad grav, san yo pa soufri difikilte finansyè.”

Dina Bakst, Koprezidan ak Kofondatè, A Better Balance (ABB) lan, te di, “ABB aplodi Administrasyon Cuomo an paske yo pwomilge règleman sou lwa konje familyal peye revolisyonè New York la. Ansanm ak nouvo liy asistans lan ak sitwèb plizyè lang lan, mezi sa yo demontre yon angajman pou fè respekte lwa istorik sa a. Nou fyè pou nou viv nan yon eta ki rekonèt enpòtans absans familyal peye epi avèk lidèchip Gouvènè a li te fè n konnen klè kelkeswa sa k pase onivo federal, yo paka fòse travayè Eta New York yo pou yo fè chwa enposib ant djòb ak fanmi yo.”

Nancy Rankin, Visprezidan Sosyete Rechèch ak Sèvis Kominotè a (Community Service Society), epi Lidè Kanpay pou Asirans Konje Familyal Peye a (Paid Family Leave Insurance Campaign), te di, “Avèk règleman ki pwomilge jodi a yo, New York ap vanse vè lavan avèk egzekisyon lwa sou konje familyal ki pi solid nan peyi a.. Sa pa t ap rive san lidèchip solid Gouvènè Cuomo a pou l rann New York vin meyè kote pou moun travay, bay timoun yo yon kòmansman an bòn sante epi pran swen pwòch ki malad grav yo. Efò desizif administrasyon an fè pou yo lanse lwa istorik sa a san pwoblèm epi avèk siksè, poutèt pou li ka fasil pou anplwayè yo epi pou l itil anplwaye yo, enpresyone nou.”

Règleman yo pwopoze pou konje familyal peye yo sijè a yon preyavi 45 jou ak yon peryòd kòmante piblik aprè piblikasyon l nan rejis Eta New York la avan sòti final la.

W ap jwenn sitwèb Konje Familyal Peye New York la nan www.ny.gov/paidfamilyleave, yo te mete l ajou pou l reflekte enfòmasyon ki baze sou vèsyon bouyon règleman yo. Yo pral mete enfòmasyon sou sit yo ajou regilyèman. Nou ankouraje popilasyon an pou yo rele Liy Asistans Konje Familyal Peye a tou nan (844) 337-6303 si yo gen nenpòt kesyon.

###